# НУР

ISSN 0207-6551

10
2021

6+

# УСАКІУЭ

***БЕМЫРЗЭ МУХЬЭДИН (1948–2007гъгъ.) КъШР-м щыІэ Али-Бердыкъуэ къуажэм къыщалъхуащ, адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу лэжьащ, ди лъэпкъым и усакІуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ.***

***Мухьэдин и усэ пычыгъуэ зыбжанэкІэ фэдгъэцІыхумэ, абы и тхыгъэхэр фэ езыхэм къэвгъуэту фызэреджэнум шэч къытетхьэркъым.***



## ЛЪЭІУ

Адыгэ лъэпкъым и Іэпкълъэпкъ пщыкІутІ –
Адыгэ анэм и зэш бын гъуэзэджэ,
Фэ адэжь хэкум вагъуэу фыщылыдт,
Фыкъэзылъагъухэр къывэхъуапсэу зэкІэ.
**Натхъуэджыр, беслъэнейр, еджэрыкъуейр,**
**Жанейр, мэхъуэшыр, хьэтыкъуейр, шапсыгъыр,**
ИтІанэ **абазэхэр, къэбэрдейр,**
**Адэмей** лІакъуэр, **кІэмыргуейр, бжьэдыгъур.**
Кавказым и дахапІэр фэ фи хэкут,
ЩІыгулъым я нэхъ бейр фи хьэсэ щІапІэт,
Къэрал зэмыщхьэм къыфхухашу гъуэгу,
Фи тенджыз Іуфэр – ар я кхъухьтедзапІэт.

............................

Адыгэ лъэпкъым и лІакъуэ пщыкІутІ,
Іэпкълъэпкъыу цІыхум фэ фхуэдизщи иІэр,
Зыгуэр фыхэщІу и гур ивмыуд,
Фи псэуныгъэр гурыфІыгъуэу зиІэм.







Мейкъуапэ щыщІэдзауэ Адлер нэсу,
Хы Іуфэ Ізгъуэблагъэхэри хыхьэу,
Адыгэ жыгхэм щодаущ я мэзыр,
Адыгэ фІэщыгъэцІэхэр зэрахьэр:
**ЦІэмэз, ТІуапсэ, Псыжь, Анапэ, Сочи,**
**Шэпсы, Щхьэгуащэ, Псыбэ, Дэгъуэмыс...**
Къытезгъэззэжу сэ а цІэхэм соджэр,
Адыгэ тхыдэм сфІэщІу сыкІэрыс.

Къуршыбгъэхэр щохуарзэр уэгум лъагэу,
Къыр дамэм пшэ ешахэм зрагъэщІ.
Аргуэру сыпІейтейуэ ситщ уи лъахэм,
Къурмэн сызыхуащІын си адыгэщІ!

ФІохъусыжым щІыгъуу, къысхуэшии уи Іэр,
Уи куэщІым, Хэку, аргуэру сынеджэж.
Уэ зырщ уэрэду гъащІэм сэ щызиІэр,
Адрейхэр псори уэ уи джэрпэджэжщ.



# Уадыгэным къикІыр



…Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ,
Ауэ сыт щыгъуэт щыщытар ар тыншу,
Къэвгъуэтыт тхыдэм зэ щищІыж ди гугъу,
Ди гъащІэр тхьауэ дэ къэзэуатыншэу!

.............................

ПІурылъу зы бзэ, узэдису зыщІ,
Хьэлэлу къыщыптепсэкІэ зы дыгъэ,
Адыгэу упсэуным къикІыр зыщ –
Уадыгэну къыпкъуэкІынырщ лІыгъэ.



# ЗЭАДЭЗЭКЪУЭ

«Зэгуэрым щІэблэ къиувэнум ди пІэм
Ди щэн е ди сурэт къыхэщыжынщ»

***БЕМЫРЗЭ Мухьэдин***

*ЦІыхум и Іэщlагъэр – лъэужьщ, и дуней тетыкІэр щапхъэщ. Усэбзэ лъэщкІэ лъэпкъ гущІэм къиджыкІа **БЕМЫРЗЭ Мухьэдин** и лъэужьым иува адыгэ усакІуэ нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ абы и къуэ **БЕМЫРЗЭ Зураб.***

*Зураб «НУРЫМ» ди хьэщІэщ.*

## Сабиигъуэм къыздисха зы хьэл-щэн

Си сабиигъуэр Инжыдж цІыкІу и Іуфэм Іус Али-Бердыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэ цІыкІум щесхьэкІащ. УсакІуэ 20-м нэс къызыдэкІа къуажэм сыкъыщыхъуати, дауэ хъунут сэри (икІи сыусакІуэкъуэу!) сымыусамэ?! Сабиигъуэм къыздисха зы хьэл-щэн и гугъу фхуэсщІынщ. СыцІыкІут, хьэфэрыгъажэ сиІэну сехъуапсэт. Ди анэшхуэм и пенсыр иритурэ зэи-тІэуи си адэр къалэм игъэкІуащ: «Мы сабийр зыщІэхъуэпсыр къыхуэщэху», – жиІэурэ. АрщхьэкІэ игъуэттэкъым, тыкуэнхэми щызэпэубыдат. Сытми, тригъазэурэ, зыбжанэрэ кІуащ. Зэримыгъуэтыр си фІэщ ищІыну, уеблэмэ, сэри зэ сыздишат. ЩымыІэр, ямыщэр дэнэ къипхынт? Арати, хьэфэрыгъажэр къысхуамыщэхуу къэнащ. А Іуэхум къыхэсхащ сэ зы хьэл: зэрэ-тІэурэ и ужь сихьауэ, зыгуэр къызэмыхъулІэмэ, «ар си натІэм къритхакъым» жызоІэри, абдеж къыщызогъэнэж.

## Ди адэм и макъыр и усэ сатырхэм къахоІукІ…

Ди адэм и усыгъэр нобэщ си гъащІэм къыхыхьэн щыщІидзар. Абыхэм семыджауэ, сымыцІыхуу аркъым, а тхылъхэр сыт щыгъуи си гъусэщ, унэми, лэжьапІэми си ІэнащхьэмтелъУ, сыщыусэкІи си плъапІэу. Ауэ… псэкІэ къызэхьэлъэкІырт сыкъеджэну, усэ къэс ди адэм и макъыр щызэхэсхырти… Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэм сэ къыхэсхымрэ адрей еджэхэм халъагъуэмрэ зэмыщхьу къысщохъу. Усэхэм щІэрыщІэу седжэжыху, щІэуэ гупсысэ гуэр къыхызох. Сэ си акъылкІэ, си гупсысэкІэ, си усыгъэкІэ сызэтеувауэ нобэу къыщІэкІынущ абы и усыгъэм нэгъэсауэ сыщыхэплъэжыфынур.

## Сэ сыгъуджэу къыщІэкІынущ

Бгым къежэха мывэ цІыкІур къызыгуэхуам худэплъеижу абы зригъэпщэн хуейкъым. Сэри ди адэм и усэкІэм зэи зезгъэпщакъым. Абы и джэрпэджэж, хъуахуэ, гупсысэ, сурэт, зэчий сэ къыслъысауэ дунейм сытету аращ. Сэ сыгъуджэу къыщІэкІынущ – си адэм и теплъэ къызэрыщыж гъуджэу. И усэ гуэрым щитхауэ щытащ: «Зэгуэрым щІэблэ къиувэнум ди пІэм, ди щэн е ди сурэт къыхэщыжынщ», – жиІэу.

## «УсакІуэр» ди адэм зэрихьа цІэ лъапІэщ

Усыгъэр сэркІэ гугъэпсэхущ, жьы дэхупІэщ. Си щхьэм илъ гупсысэр гъащІэм зэрестыж Іэмалщ – япэу сызэпхъуэр аращ. Ар ди адэм къызита Іэмалу къысщохъу. Сэ усэ сотх, ауэ усакІуэу зыслъытэркъым. «УсакІуэр» ди адэм зэрихьа цІэ лъапІэщ. Си усыгъэм цІыхухэм езыхэм яйуэ зыгуэр зэрыхагъуатэр, гупсысэ гуэрхэм зэрыхуишэр солъагъури, абы сигу хегъахъуэ. Сотхри интернетым изолъхьэ.

## Сабийхэм сахуэтхэну сфІэфІщ

Хуабжьу сохъуапсэ сабийхэм сахуэтхэну. Ар гугъущ. СиІэщ сабий усэхэр - цІыкІухэм сахуотхэ, хэзгъэхъуэну сохъуапсэ. УсыгъэкІэ сиІэ зэфІэкІхэр нэхъыфІ хъумэ, абы и ужь сихьэу сабийхэм папщІэ усэ цІыкІухэр, таурыхъ, шыпсэхэр абы нэхъ ятегъэщІауэ стхыну сыхуейщ.

## ЕхъулІэныгъэ

Сабий литературэм нэхъ тегушхуауэ сызэрыхыхьа тхыгъэщ «Океан для императора» повестыр. Ар хагъэхьащ Крапивин Владислав и саугъэткІэ къызэрагъэпэща дунейпсо сабий литературэм. Зэхьэзэхуэм ирагъэхьа лэжьыгъэ 376-м пхыкІа тхыгъэ 39-м ящыщ хъуащ ар. Урысейм, Германием, Украинэм, Латвием, Белорусым, Къэзэхъстаным, США-м, Израилым, Италием, Франджым, Финляндием – къэрал куэдым я сабий тхакІуэхэр щызэпеуа мы Іуэхум сэ си тхыгъэр зэрыпхыкІам сытригъэгушхуащ адэкІи цІыкІухэм сахуэтхэну.

*«НУР» журналым къыбгъэдэкІыу дэри Зураб дохъуэхъу сабийгъасэ тхыгъэфІ куэд и къалэмыпэ къыщІэкІыну. Фэ, ди еджакІуэ цІыкІухэ, абы и тхыгъэхэр къэвгъуэти феджэ, фыщІегъуэжынкъым.*

***ГУГЪУЭТ Заремэ***

# ХЕЙРЭ МЫСЭРЭ

## Лей къызытехьэ сабийм ищIэн хуейр

*Къэрал хабзэхэм хищIыкIын хуейщ дэтхэнэ цIыхуми. Псом япэрауэ: дызыхуитыр, дызыхуимытыр, лей зетхьэмэ, тезыр къызэрыттралъхьэнур, лей къыттехьэмэ, ди щхьэ зэрытхъумэжынур. Ахэр балигъхэм къыдгурыIуэ щхьэкIэ, сабийхэр а хабзэхэм щхьэхуэу зыщIыпIи щыхурагъаджэркъым. КъуейщIей, еIуящIэ цIыкIухэр гъэсэн хуейщ, хъунумрэ мыхъунумрэ зэхагъэкIыу. Абыхэм лей щытрагъэхьэ щыIэщ сабий Iэсэхэм, гъэсахэм. АтIэ дауэ я щхьэ зэрахъумэжынур къуаншагъэ зымылэжьахэм?*

### «ЦIыхум и хуитыныгъэхэмрэ и къалэнхэмрэ». (Къэрал хабзэ. 14-нэ Iыхьэ)

**1.** Ягъэкъуаншэм и къуаншагъэр зэхэзыгъэкIыфынур **къэралырщ.** ИмылэжьамкIэ сабийм зыщIиумысыжын щыIэкъым, ягъэшынэкIи, хагъэзыхькIи.

**2.** Къуэншауэ гурыщхъуэ зыхуащIым жиIэм къару иIэкъым. Къару зиIэр **щыхьэтырщ**, ар къэзыгъуэтын хуейр зыгъэкъуаншэрщ.

**3.** Щыхьэту къагъэлъэгъуар иримыкъуу гурыщхъуэ къыхэкIмэ, къэрал хабзэр зи телъхьэр **ягъэкъуаншэращ.**

**4.** Къэрал хабзэм тету зыгуэр бгъэкъуаншэмэ, **гурыщхъуэм** къару иIэкъым.

**ЦIыкIухэ, щIэпхъаджагъэ фымыщIауэ фагъэкъуаншэмэ, е лажьэ фимыIэу лей къыфтрагъэхьэмэ, къэрал хабзэм фыкъихъумэнущ. Фыгужьейуэ е фышынэу къуаншагъэр зытевмылъхьэу хабзэхъумэхэр къевджэ.**

### «Алисэ – Къэралыгъуэ телъыджэм» хэту:

– И щхьэр пывупщI! – ищIащ унафэ пщыгуащэм. – Тезыр трыралъхьэ, хейрэ мысэрэ иужькIэ зэхэдгъэкIыжынщ!

*КЪАМБОТ Мариannэ*





# АФФИКСХЭР

5



***Аффикскlэ*** *дызэджэхэращ адыгэбзэр къэзыгъэхъур, зыгъэлажьэр, зезыгъэакlуэр (префикс, суффикс, кlэуххэм). Бзэм и гугъуплэу къалъытэ а аффиксхэр зэвгъащlэмэ, адыгэбзэр вгъэбзэрэбзэфынущ. Дэ зы адыгэбзэ урок и хъыбар фхуэтlуэтэжынщ.*

Дахэнур гуфlэу еджапlэм къикlыжри и lэпхъуамбитхур яхуигъэпlиящ унагъуэм исхэм:

– Нобэ «тху» къэсхьащ адыгэбзэмкlэ!

– Сэри «тху» къызохь адыгэбзэмкlэ, – и пэм тес нэгъуджэм ауанышцlу къыщхьэпрыплъащ и дэлъхур, – ауэ сыкlийуэ сыдэткъым.

– Сэ сымыцlыхуххэ темэщlэмкlэщ къызэрысхьар! Уэ апхуэдэ плъэгъуа?

– Тхьэ, дымылъэгъуа. Ар дауэ, н-на ? – мэгуфlэ нанэ.

– Егъэджакlуэ ухъуауэ жумыlэт иджы, – аргуэру мэдзэлашхэ и дэлъхур.

Анэм егъэщlагъуэ: – Темэщlэу, хыумыщlыкlыу, икlи «тхууэ»…

– Аракъэ-тlэ гъэщlэгъуэныр, – зегъэкlэрахъуэ Дахэнур. – Дэ зы егъэджакlуэ мы гъэм къытхуагъэкlуащи-и-и, зэрыклассу адыгэбзэм дыпоплъэ, ар щыдиlэнур къытхуэмыгъэсу! Абы зэпымыууэ зыгуэрхэр къегупсыс, дегъэджэгу, еджэф-емыджэфкlэ зэхэгъэж дищlкъым. Псори фlыуэ дыкъелъагъу, дэри езыр долъэгъуж.

– Ар дауэ абы къызэрехъулlэр? – егъэщlагъуэ анэм. – Къыджеlэт-тlэ а уи «тхур» къыздикlар?

– Дэ нобэ дагъэджыну темэщlэр щхьэ префиксхэрати, сабиищ доскам дыкъыдишащ. Мис а нэхъ зэранщlакlуэ дыдэу псори зыгъэтхьэусыхэ Къаплъэн, зыгъэщlэрэщlэн фlэкlа lуэху зимыlэ lэзидэ, сэ. Къаплъэн доскам къритхащ смайлик зэхуэмыдэ зыкъом, хэт гуфlэу, хэт гъыуэ. lэзидэ ахэр зэкlэлъигъакlуэри хъыбар яхузэхилъхьащ, сэ сысейр нэхъ гугъу дыдэрат. Мис а хъыбарыр къэзгъэсэбэпу смайлик къэскlэ хуэкlуэу усэ сатыр тlурытl яхузэхэслъхьэн хуейт. Гугъут, ауэ къызэхъулlащ. Щыми «тху» пlащэ зырыз къэтхьащ! А темэр апхуэдизкlэ дигу ирихьащи, зэи тщыгъупщэжынукъым зыми!

*Цlыкlухэ, мы напэкlуэцlыр къызэвгъэдзэкlмэ тетщ а сабиищым ящlа лэжьыгъэр.*

| Къаплъэн и сурэтхэр | Iэзидэ и хъыбарыр | Дахэнур и усэ сатырхэр |
| --- | --- | --- |
|  Сохущхьэ | Нэху щащ. | Нэхур щауэ сыкъоуш,<br>Си жьэм хущхьэурэ зеущI. |
|  СоукIытэ | Уарэ, Сыхэжеяуэра? | Хэжея си нитIыр къоплъэ,<br>НэкIу укIытэр къызэщIоплъэ. |
|  СогуфIэ | Дыгъэ къопсри! | Дыгъэ бзийм сэлам къызех,<br>ХуэсщIа нащхьэри сIэпех. |
|  Содыхьэшх | Сотхъэж... | Дыгъэр гуфIэурэ къыстопсэ,<br>СигъэкIылу си нэм щIопсэ. |
|  Сонэщхъей | УэI! Мо пшэжьыр! | Дыгъэ гъуэжьым пшэжьыр тохьэ,<br>Согузавэ, сыкъытохьэ. |
|  СогъэщIагъуэ | ЩIихъумауи-и? | УэI, пшэжь цIыкIум ар зэхуещI,<br>СогъэщIагъуэ, сигу хегъэщI. |

Япэ щхьэ, закъуэ бжыгъэм я аффиксхэр къыхэдгъэщащ



Согубжь

Уэшхым седжат?!

Пшэр губжьауэ мэкIэзызыр,
Сэ уэшх псыфым сегъэгубжьыр.



СокIий

Щыблэ мауэ.

Щыблэ мауэ, сэ сокIий.
Соплъ. Сошынэ. Сегъэдий.



Согъ

Сышынауэ согъ.

Ар шынагъуэурэ мэгъуагъуэ.
Сэ сышынэурэ согъуахъуэ.



Сожей

Сыгъыурэ сешащ,
жэщи хъуащ.

Махуэр кIыфIым зэщIеуфэ,
Си нэр напIэхэм щIауфэ.



СопщIыхь

ПщIыхьэпIэфI.

Дыгъэм IэфIу сыхуогуфIэ,
Езыр пщIыпщIу къысхуогуфIэ.

ЦIыкIухэ, мы лэжьыгъэр фигу ирихьамэ, 2-нэ, 3-нэ щхьэхэм, куэд бжыгъэм, блэкIа зэманымрэ къэкIуэнумрэ ивгъэувэурэ щэнейрэ смайликхэм я хъыбарым фыкъеджэ. Мис итIанэ аффиксхэм фатекIуащ!

Зыгъэхьэзырар АБРОКЪУЭ Беллэщ
КъыкIэлъыкIуэнущ

# БЭДЖЫМ И БЗАДЖАГЪЭР

Бэдж цIыкIур ящыщщ псэущхьэхэр зи шхыныгъуэ ябгэхэм (хищникщ). Ар губзыгъэ-бзаджэщ, хуабжьу хьилэшы гуэрщи къимыгупсыс щыIэкъым и шхыныгъуэр зыIэригъэхьэн папщIэ. АтIэ фи гугъэ хъунщ фэ ар хъуакIуэ-щакIуэу и шхыныгъуэ къилъыхъуэу дэту, хьэмэрэ къыщамылъэгъун щIыпIэм зыщиудыгъурэ, хъумпIэцIэдж гуэр блэкIыу слъэгъуну пIэрэ жиIэу, абы ежьэу къуэсу. Хьэуэ. Абы и Iуэхум зыбзыщIи зыущэхуи хэлъкъым.

Фэ фощIэ атIэ хъумпIэцIэджхэр лIакъуэ-лIакъуэкIэ зэрыгуэшар. Хэт лэжьакIуэщ, хэт сэлэтщ, хэт хъумакIуэщ, хэти гъуэгъэкъабзэщ. Бэджми ещIэ ар. Абы иджыри ещIэ хъумпIэцIэджхэр зэрыгубзыгъэр, тыншу я гъуэм узэрырамыгъэхьэнур. Аращи, ар хьилагъэ хуокIуэ. ХъумпIэцIэдж сэлэтхэр «теуэ-тепкIэу» гъуэм щекIуэлIэжкIэ абыхэм захегъэпшахъуэ бэджым. Гъуэ ихьэпIэм Iут хъумакIуэхэм ябж атIэ хъумпIэцIэдж лъакъуэхэр. Ахэр хырых хъууэ аращ. Бэджым лъакъуий щIэтщ. Абы и пэрыт лъакъуитIыр къеIэт, хъумпIэцIэдж пащIэхэм хуэдэу егъэпIийри, зы гурыщхъуи къыхуамыщIу хуиту гъуэм йохьэ. Абдежым абы и нэр (нэхэр) зэхъуэпса хъумпIэцIэджыр и щхъухьымкIэ еукI, елI. Иджы ар гъуэм къикIыжын хуейкъэ? Абдежми бзаджагъэ йокIуэ бэджыр. Абы иукIа хъумпIэцIэджыр иIыгъмэ, гъуэгъэкъабзэхэм захигъэпшахъуэу къикIыжыфынущ, абы къыкIэрих и мэми къихъумэнущ. Аращ губзыгъэжьым ищIэри. Мис апхуэдэщ хъумпIэцIэджышх бэджыр.

*Бэдисэ Данэ итхыжащ*



ДЖАННИ РОДАРИ

# СЫТ УЕДЖЭН ЩIЫХУЕЙР?

**Уеджэмэ:**

- Укъэзыухъуреихь дунейр зыхэпщIэнущ;
- Нэхъыбэ къэпщIэху пщIэ нэхъ уиIэнущ, нэхъ тыншу гъащIэм ухэпсэукIыфынущ;
- Дунейр нэхъыфI, нэхъ дахэ пхуэщIынущ.



## АУЭ!!! ФIЫУЭ УИГУ ИУБЫДЭ:

Урижэу тхылъ куэд уеджэфын къудейр – мащIэщ, мащIэIуэщ. Ар щIэныгъэ ирикъуркъым.

Сэ зы дзыгъуэ цIыкIу сигу къокIыж. Ар тхылъхэр щэ бжыгъэу щызэтелъ тхылъэщым тхъэжу щыпсэурт. Абы апхуэдизкIэ щIэныгъэр фIэфIт, фIэIэфIти, махуэм тхылъитI мынэхъ мащIэ пигъукIыурэ ишхт. Зэгуэрым абы псэущхьэхэр зэрыт тхылъышхуэр къыIэрохьэ. Псэущхьэхэм я зэхэтыкIэр, хэт дэтхэнэм и шхыныгъуэми итт а тхылъым. Ауэ... и нэ къицIыщхъукIыр къытриубыдауэ абы къиплъ джэдуужьыр дзыгъуэ цIуцIум къилъагъущ, къэгуфIэщ, дэпкIейщ, джэдум зридзри и зэхуэдитIыр пигъукIащ. Ар зэришхам игу хигъахъуэу, мо ешар, укIурийри Iурихащ. А дакъикъэм пэплъэу бжэ къуагъым къуэса джэду пэж дыдэр дзыгъуэм и щIыбагъымкIэ къыбгъэдыхьэщ – хъып! – жьэдидзэри дзыгъуэ тхьэмыщкIэр дунейм иригъэхащ. ДзэдэIэбэмкIэ джэдум и дзэр игъэкъэбзэжщ, зызэпилъэщIыхьыжри и пащIэр игъэпIийуэ жиIащ:

– Арац-тIэ, си псэм хуэдэ дзыгъуэ цIыкIу, гъащIэм и дежи ущеджэн хуейщ! УашхынкIэри мэхъу!

Зэзыдзэкlар ***КЪАМБОТ Марианнэщ***

# БЗЭГЪЭБЗЭРАБЗЭ

Адыгэбзэкlэ жьакlуэу псэлъэну зыфlэфlхэм мыр гукlэ зрагъащlэ, утыку ихьэн и пэкlи къапщытэж. Ахэр хэт жыфlэмэ, артистхэрщ, теле-радио журналистхэрщ, егъэджакlуэхэрщ, фэ фхуэдэ еджакlуэфlхэрщ.

Жаlэмэ жаlэжу жыхуаlэ жылапхъэр жьакlуэу ныбжызоlэри, къызжиlакъым жумылlэж, жылэзыфlэщ зыхужыпlэм къыжраlауэ жиlэжырейр къызэрыжраlауэ яжримылэжу, зэрыжамылэу жиlэlуэу, жылэкlэмыщlэ зыхужримыгъэlэну жиlэми, жимылар жылэклейкlэ здыжимылапхъэм щыжиlауэ жылэгъуейуэ жыхуаlэ жылэгъуэр тежылыкl хужылэ жылэкlэкlэ жылэпlэм щыжыпlэмэ, зыжеlапхъэм жесlэнщ жыпlэми, жылэщlэу жыпlар щlыжыпlа жылэклэмыщlэ-жылэмыдаlуэм къызэрыбжиlэгъауэ хужумылыжыфауэ къыбжаlэжынщи, жиlами, жимылагъэххэми, жысlамэ жысlэжыркъым жыуигъэlэнщ.



## УПЩlИЩЫМ ЯХУЭФАЩЭ ЖЭУАП "БЗЭГЪЭБЗЭРАБЗЭУ" ПЫФТХЭ.

**1.** Жылапхъэр щыжылапхъэм жьакlуэу щыжаlэу зыхужылапхъэм щlыхужамылэмрэ жымылапхъэр зыхужамылапхъэм щlыхужаlэмрэ сыт?

**2.** Жумылар зыхужумылам хужыпlауэ къыщыпхужаlэкlэ, къыпхужызылам къыпхужиlауэ къыбжезылэжам жепlэжынур сыт?

**3.** Жызылэм жиlэр зыжриlэм щыжриlэкlэ зэрыжамылэ жылэклэмыщlэ-жылэклейуэ зыхужиlэм хужиlэlуэмэ, зыжриlэм жиlэпхъэр сыт?

ЩАУЭЦlЫКlУ Денизэ


Мысачэ Мурат
ДЖЭГУАКIУЭ-2
(Пэщіэдзэр Нур № 9-м итщ)
ФIыгъуэр къыпхуищIэ, номин нэху, сыкъебгъэлащ. Иджы IуащхьитI зэхуакум хуэкIуэ лъагъуэр сыбгъэлъэгъун?
Ухуу-ху-ху… модэ… модэ…
Ей, зи щIыхьыр ин! Укъыздэlэпыкъуфыну пIэрэ, ярэби? Кхъыlэ, къэущ…
Уей, апхуэдэу тыншу укъысхуэмыущыну уэ.


Уарэ, бжьамийр сигу къэкIыжыртэкъыми! Си бжьамийм укъигъэушынкъэ.
Ех-х-х! Куэдрэ сыжея?
СыткIэ укъысхуей хъуа, щауэфI?
Емынэ гъуэзыр къыIурихыу ди щIыпIэм зы благъуэ къытIысхьащи псэупIэ диIэжкъым, дызэтресхьэ. Итхужыфыну пIэрэ?


Дэнэ щыIэ уи благъуэр? Сэ куэд щIащ сызэрымызауэрэ.
Ар къуэм дэсщ. Уэ мо къырым къуэувэ. Сэ сегуоунщи, къызэзэуэну зыкъызидзмэ уэ укъыкъуэкIынщ.


Ей, фасикъ! Сымис сэ. Мис иджы си Iуэхущ усIэщIэкIмэ.


Моуэ зыкъэгъазэ, ер зи пэм къриху джэд пшэрыжь! Лыбжьэ къыпхэсщIыкIынщ.
Хьэуэт, ей! Сэ нартым сезэуэну псалъэ зыми естакъым. Сыхуейкъым, зо-о!
КъыкIэлъыкIуэнущ

БЕМЫРЗЭ Мухьэдин

# АДЫГЭБЗЭ

Си гъатхэ дыгъэ къуэмыхьэж,
Си гукъыдэж, си гурыфІыгъуэ,
Дунейр уэрыншэм ныбгъуэхьэшт,
УзиІэу зыми семыфыгъуэ.

УзиІэу зыми семыиж –
АбыкІи, си бзэ, уэрщ си щапхъэр:
Сэ уи беягъкІи сыбеижщ,
Бзэ куэди сщІэну сыхуопабгъэр.

Уэрыншэм гъащІэр шхын мышут,
И ІэфІи фІэІуи зыхэзмыщІэу,
Мо дыгъэ къепсыр щхьэкІуэ шут,
Абдж къыззэрыкІуэт вагъуэ мыщІэр.

ЖызыІэ щыІэщ псалъэгъэху
Уэ къэбгъэщІэнур къэбгъэщІауэ,
И псалъэ кІапсэр зэрихъэху
УфІэмыІуэхуу, къопэбжьауэу.

Сэ зы дакъикъи семыдэІу
Абы я псалъэ мыжьэ-мывэм –
Къуршыпс ежэхыр хуэщІкъым дэгу
Абы зыгуэрым хидза мывэм.

Псыр тожри, мывэхэр къонэж,
Гъуэгу зэрытехьэу а и псыпэр
ЗэринэкІар абы гъунэжщ
Мывэ пкІэлъейрэ щхьэдэхыпІэу.

Си адыгэбзэ, уэ улъэщщ,
Зи зэманыгъуэу угурыхуэщ,
ЦІыхугу дэтхэнэри къотІэщІ,
Уэ ущагъабзэкІэ Іэрыхуэу.

Зэм, си бзэ, уохъури уэ жьгъыру,
Адыгэ пшынэу уобзэрабзэ,
Зэм къызыкъуохри уи къарур,
ХеящІэ джатэу ар уогъабзэ.

Анэ быдзышэу уэ уІэфІщ,
УщыщхьэщыскІэ сабий гущэм,
Гухэлъ уэрэди жыбоІэф,
ЗэригъэдзэкІыу пщащэ гущІэр.

Уэ уафІэжьгъейми къэбгъэщІащ
Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,
Гъэ минхэр, си бзэ, уэ бгъэщІащ,
Иджыри мащІэкъым уи натІэр...

Си лъэпкъым щІэблэ къыщІэхъуам
Насып вагъуэбзэу ужьэхэпсэу,
Я нэхъ тхьэмыщкІэ ар щыхъуам
УреІэ уэ, си адыгэбзэ!

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
**№ 10 2021 г.**

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
*Б. М. АБРОКОВА*

Художественный редактор
*М. ХАЛИЛОВА*

Компьютерная вёрстка
*Н. РАСТОРГУЕВОЙ*

Корректор
*Ф. КАШИРГОВА*

Редакционный совет:
*Х. КАРМОКОВ*
*Е. ТХАМОКОВА*
*Х. ТИМИЖЕВ*
*Н. ХАТУЕВ*

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Кабардино-Балкарской Республике.
Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати 01.09. 2021 г.
Выход в свет 27.10. 2021 г.

Формат 60х90 1/8
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak, DrunkC, AdLibBT
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 1427 экз.
Заказ № 2281
Индекс П5896

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 15,19 руб.; за 6 мес.– 91,14 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5.
ГКУ «КБР-Медиа».
Дом печати.

Отпечатано в ООО «Издательство «Южный регион», 357600, Ставропольский край, г. Ессентуки, ул. Никольская, 5а

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.